



Enfòmasyon Sou Koupon Pou Manje

Pwogram koupon pou manje deziyen pou ede moun ki ap touche yon ti salè achte manje. Malgre li se yon pwogram gouvènman federal, se eta kote ou ap viv la oswa biwo lokal ki a la tèt li.

Kimoun ki ka jwenn koupon pou manje?

Nenpòt moun ka aplike pou koupon pou manje. Pou jwenn koupon pou manje, ou menm ak lòt moun ki lakay ou dwe ranpli sèten kondisyon. Tout moun lakay ou ki aplike dwe genyen yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yo dwe aplike pou youn, epitou yo dwe oubyen yon sitwayen ameriken, yon ameriken natif-natal, oswa yo dwe nan kondisyon yon etranje kalifye. Men etranje kalifye ki elijib pou koupon pou manje san yon peryòd-datant:

- Timoun imigran legal ki poko gen dizuitan (18);
- Imigran legal ki avèg malad/enfim ki ap resevwa asistans oswa benefis pou malad/enfimite;
- Moun ki rezide legalman Ozetazini depi 22 dawou 1996 epi ki te gen swannsenkan (65) nan dat 22 dawou 1996;
- Rezidan pèmanan legal ki se manm sèvis aktif oswa veteran fòs lame Etazini, oswa madanm/mari oswa pitit yon veteran oubyen yon manm sèvis aktif;
- Refijye yo admèt anba seksyon 207 Immigration and Nationality Act (INA) (Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonnalite);
- Moun yo akòde azil anba seksyon 208 INA;
- Moun ki gen kondisyon depòtasyon yo sispann anba seksyon 234(h) oswa 241(b)(3) INA;
- Patisipan Kiben oswa Ayisyen anba seksyon 501(e) Refugee Education Assistance Act of 1980 (Lwa 1980 pou Asiste Refijye nan Edikasyon);
- Imigran Ameriken ki orijin Azyatik anba seksyon 584 Foreign Operations, Export Financing and Related Programs Appropriations Act of 1988 (Lwa 1988 sou Operasyon Etranje, Finansman Ekspòtasyon ak Apwopriyasyon Pwogram Asosye).

Men imigran legal ki elijib san yon peryòd datant menm si yo pa etranje ki kalifye:

- Hmong oswa manm tribi lawosyen Haylann (avèk konjwen ak timoun yo tou) ki te ede fòs lame Etazini pandan epòk Vyvetnam;
- Ameriken Endyen ki fèt nan peyi Kanada;
- Manm tribi endyen yo anba seksyon 450b(e)
- Indian Self-Determination and Education Assistance Act (Lwa pou Otodèminasyon Endyen ak Asistans nan Edikasyon).
- Men etranje kalifye ki elijib si yo te viv Ozetazini pandan senkan (5) nan kondisyon kalifye;

- Rezidan pèmanan legal (yo ka elijib pi bonè pase senkan (5) si yo gen karant kredi (40) travay);
- Prizonye ki libere sou kondisyon (libète sou kondisyon pandan omwen ennan anba seksyon 212(d)(5) INA);
- Patisipan sou kondisyon anba seksyon 203(a)(7) INA ki anvigè anvan premye avril 1980;
- Yon konjwen yo maspinen, timoun oswa paran yo maspinen oswa pitit yon moun yo maspinen ki gen yon petisyon annatant anba seksyon 204(a)(1)(A) oswa (B) oswa 244(a)(3) INA.

Pifò moun kosto ki ant dizuitan (18) ak swantan (60) dwe enskri pou travay pou yo kapab kalifye pou koupon pou manje. Anpil moun ka gen obligasyon pou yo patisipe nan yon pwogram travay oswa fòmasyon. Kèk elèv kolèj ka elijib tou.

Resous (Sa ou Posede)

Anjeneral, moun lakay ou pa ka gen resous ki vo plis pase \$2,000. Men, si pami moun ki lakay ou gen yon moun ki gen swasantan (60) oswa plis oswa gen yon moun ki malad/enfim, limit lan se \$3,000. Resous moun k ap resevwa Supplemental Security Income (SSI) (Revni Sekirite Siplemantè) oswa benefis anba pwogram Temporary Assistance for Needy Families (TANF) (Asistans Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesesite) pa konte pou elijiblite pou koupon pou manje. Resous enkli laja n kach, kont labank ak lòt byen.

Se pa tout sa ou posede ki konte. Pa egzanp, kay ou ak tè kote kay la bati a pa konte pou elijiblite pou koupon pou manje. Yon machin oswa kamyon pa konte menm jan selon fason li itilize. Pifò eta itilize kounye a règ TANF olyede de reg food stamp règleman veyikil koupon pou manje si règ TANF lan pi nan avantaj kay ki aplike pou koupon pou manje a.

Pifò kay dwe satisfè yon kondisyon limit revni tou. Sèten bagay pa konte kòm revni epi yo ka soustrè yo nan revni ou. Moun lakay ou ka ranpli kondisyon pou lòt eliminasyon revni si kay la gen yon moun swasantan (60) oswa plis oubyen yon moun ki malad/enfim. Limit revni an varye selon kantite moun ki nan kay la epi li ka chanje chak ane.

Kòman ou ka aplike pou koupon pou manje?

Gen aplikasyon koupon pou manje nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal. Si ou menm ak tout lòt moun lakay ou aplike pou peman **SSI** oswa deja ap resevwa peman

(lòt bò a)

Enfòmasyon Sou Koupon Pou Manje

SSI (Revni Sekirite Siplementè), nenpòt biwo Sekirite Sosyal ap ede ou ranpli fòm aplikasyon koupon pou manje a, epi biwo a ap voye aplikasyon an pou ou nan biwo koupon pou manje a.

Tout lòt moun yo, tankou moun ki **aplike pou benefis Sekirite Sosyal sèlman** oswa **k ap resevwa sèlman benefis Sekirite Sosyal** dwe pote oswa voye aplikasyon koupon pou manje yo nan biwo lokal koupon pou manje a oswa nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal kote yon reprezantan koupon pou manje ap travay.

Lè ou nan antrevi a, ou ta dwe genyen tou:

- Idantifikasyon tankou pèmi kondwi (lisans), kat-didantite leta, batistè oswa kat rezidans ou;
- Prèv revni ou tankou souch chèk, Sekirite Sosyal, SSI (Revni Sekirite Siplementè) oswa yon panson pou chak moun ki lakay ou;
- Prèv kantite lajan ou depanse pou gadri;
- Resi lwaye oswa prèv peman kay;
- Dosye depans ou fè pou sèvis publik; epi
- Bòdwo medikal pou moun lakay ou ki gen swasantan (60) oswa plis, ak bòdwo medikal pou moun k ap resevwa peman gouvènman tankou Sekirite Sosyal oswa SSI (Revni Sekirite Siplementè) poutèt yo malad/enfim.

Ki kantite ou ka jwenn?

Ou ka chèche konnen ki kantite ou ka anmezi pou ou jwenn sou Entènèt nan Food Stamp Pre-Screening Tool (Zouti pou ka Wè Koupon pou Manje) nan

foodstamps-step1.usda.gov.

Kontakte Sekirite Sosyal

Kontakte biwo Sekirite Sosyal ou oswa biwo lokal koupon pou manje ou pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Koupon pou Manje a ak règleman elijiblité yo. Sonje, se pa Sekirite Sosyal ki deside si ou elijib pou koupon pou manje.

Pou enfòmasyon jeneral ak pou jwenn kopi publikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl preznan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

Koupon pou Manje

Gen Èd, Enfòmasyon ak Aplikasyon nan nenpòt Biwo Sekirite Sosyal

Kòman pou jwenn benefis Sekirite Sosyal oswa kòman pou aplike **sèlman** pou sa?

**OU KA JWENN FÒM APLIKASYON
KOUPON POU MANJE AK ENFÒMASYON
YO NAN NENPÒT BIWO SEKIRITE
SOSYAL.**

Nou pa ka pran fòm aplikasyon koupon pou manje nan men moun k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal oswa ki aplike sèlman pou sa.

Kòman pou jwenn Supplemental Security Income (SSI) oswa kòuman pou aplike pou sa?

**OU KA APLIKE POU KOUPON POU
MANJE NAN NENPÒT BIWO SEKIRITE
SOSYAL SI OU MENM OSWA TOUT LÒT
MOUN LAKAY OU AP RESEVWA SSI SWA
APLIKE POU LI.**

N ap ede ou ranpli fòm aplikasyon koupon pou manje a. Ou pa bezwen ale nan biwo koupon pou manje a pou aplike pou li.

